# TERMINLERDI AJIRATIWDA TILDIŃ NOMINATIVLIK HÁM DEFINITIVLIK XIZMETI

**Qalbaeva Zulqumar Polatbaevna**
**Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı tayanısh doktorantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.14942666**

**Annotaciya:** maqalamızda termin sózlerdiń ózine tán ózgesheligi menen birge olardı ayırıp kórsetiwshi xızmetlerge de ayrıqsha toqtalıp ótildi. Tildiń nominativlik hám definitivlik xızmetleri haqqında birqansha túsinikke iye boldıq. Sonıń menen birge bul xızmetlerdiń termin sózlerdi ayırıwdağı áhmiyeti tuwralı da birqansha pikirler aytıp óttik, mısallar arqalı dálillewge háreket ettik.

**Gilt sózler:** termin, uğım, nominativ, definitiv, xızmet.

Terminler hám olardıń termin emes sózlerden ayırmashılığı tuwralı kóp ğana maqalalarımızda sóz bolğan. Sonıń menen birge, termin sózler hám termin emes sózlerdiń jasalıwında da parıq bar. Terminler tikkeley terminologiyada úyreniler eken, termin hám terminologiya til ilimpazları tárepinen túrlishe talqığa ushırap otırdı. Reformackiydiń pikirinshe: "terminler – bul arnawlı, xızmeti jağınan sheklengen, sáykes uğımdı dál ańlatıw, zatlardı ataw ushın bir mánilikke umtılatuğın sózler dep tanıydı, olardıń ilim hám texnikada, siyasat penen diplomatiyada oğada zárúrli ekenligin eskertedi" [1,12].

Mine usınday pikirler terminlerdiń tildegi áhmiyetin kórsetip beredi. Olar qaysı tarawda bolsa da óz ornına iye. Sonday-aq, terminler dál uğımdı ańlatıw ushın tek bir mánilikke qaray umtıladı. Al, kóp mánilik sózlerge yağnıy termin emes sózlerge ğana tán.

Leksikalıq birliktiń nominativlik hám definitivlik xızmetin kózde tutıw ásirese termindi sózlik sostavtıń basqa elementlerinen ajıratıwda ayrıqsha áhmiyetke iye. Barlıq sózler tilimizde ulıwma qollanılıwshı sózler de yaki arnawlı qollanılıwshı sózler de nominativlik xızmet atqara beriwi múmkin. Máselen: barıw, keliw, aytıw, jaqsı, jaman – bul sózler belgili bir máni ańlatqanı menen arnawlı bir uğım yaki túsinikti ańlatıp turğan joq. Bir ğana "janr" sózin alıp qarayıq: bul sózdiń ózgesheligi sonda arnawlı bir uğımdı ańlatadı, yağnıy ádebiyatta qollanılatuğın termin sóz. Bul sóz qanday da bir predmetti atap kórsetpewi múmkin (nominativlik xızmet), biraq tilde arnawlı bir túsinikti ańlatıwı onıń definitivlik xızmeti bolıp tabıladı. Demek, bul sózdiń arnawlı uğım ańlatıwı (definitivlik xızmet) onıń termin sóz ekenliginen derek beredi hám tastıyıqlaydı. Nominativlik – bul pikirimizshe, qanday da bir belgili predmetti yaki qubılıstı ataw xızmeti. Al, sol predmet yaki qubılısqa uqsas yamasa sáykes uğımdı dál ańlatıwı – bul onıń definitivlik xızmeti bolıp tabıladı. Demek, tildiń definitivlik (biziń pikirimizshe, arnawlı uğım) xızmeti arqalı sózlerdiń arasınan terminlerdi ayırıp alıwğa boladı. Usınnan kelip shığıp, termin sózler definitivlik xızmet atqarsa da, termin emes sózler tek nominativlik xızmet atqara aladı, - degen juwmaqqa keliw múmkin. Sonlıqtan da, ilimpazlar terminlerdi izertlew waqtında tildiń nominativlik hám definitivlik xızmetine ayrıqsha toqtalıp ótken. Bul túsinikler arqalı biz terminlerdiń turaqlılığın, yağnıy turaqlı mánis ańlatatuğınının dálilley alamız.

Terminlerdiń basqa sózlerden ayırmashılıǵın birqansha ózgeshelikler menen ayırıp kórsetiw múmkin. Termin ádette biytárep xarakterge iye boladı, sóylewshiniń pikirine qosımsha emocional tásir de bere almaydı, yaki qosımsha boyawlar menen boyap ta bere almaydı. Yaǵnıy anıq dál túsinikti beriw qásiyetine iye. Terminler, shınında da psixologiyalıq tásir bere alıw múmkinshiligine iye emes, kerisinshe barın barday, joǵın joqtay kórsete alatuǵın sózler. Kórkem sózler bere alatuǵın tásirlerdi termin sózler bere almaydı. Sonlıqtan, termin sózler anıq bir faktke, dálilge yaki anıqlamaǵa iye boladı. Olardıń tiykarǵı belgileriniń biri de usı anıqlılıq. Bul haqqında kóp ǵana maqalalarımızda sóz etkenbiz, yaǵnıy anıqlılıq, qısqalıq, turaqlılıq terminniń ózine tán qásiyetleri. Demek, usı qásiyetlerdi ózinde jámlestirgen bolıwı kerek.

Termin sózlerdi basqa sózlerden ayırıp kórsetiw ushın birqansha mısallar keltiriwge boladı. Joqarıda kórsetip ótken talaplarǵa juwap berse ǵana olar terminlik xızmet atqaradı. Mısalı: artikl, alfavit, almasıq, abzac, adektivaciya, abstrakt, analiz, anıqlawısh, atawısh hám t.b. Bul terminlerdiń qanday da bir predmetti ańlatıwı nominativlik xızmeti boladı. Máselen, tilde oqılmaytuǵın sesler yaki belgilerdi artikl dep atasa onıń sol zattı atawı nominativlik xızmeti, al tilde onı basqa sáykes uǵım menen atasa dál sol uǵımdı bere almaydı hám tap sol uǵımdı bere alıwı ushın "artikl" terminin qollanǵan durıs. Bul bolsa onıń definitivlik xızmeti.

Alfavit – qanday da bir tildegi háriplerdiń belgili tártiptegi ornalasqan jıynaǵı. Sol jıynaqtı ataw – bul nominativlik xızmeti, al sol uǵımnıń basqa sóz benen emes áyne arnawlı termin menen atalıwı definitivlik xızmeti.

Almasıq – men, sen, ol yaki usı sıyaqlı sózler til biliminde almasıq dep júritiledi. Onı basqa uǵım menen yamasa termin menen atap bolmaydı. Dál sol uǵımdı bere alıwı definitivlik xızmeti esaplanadı.

Abzac – tekst baslawdan aldın qaldırılatuǵın bos orın. Demek sol bos orındı ataw xızmeti nominativlik, dál uǵımdı basqa uqsas uǵım menen atap bolmaydı, arnawlı termin sóz bolıwı onıń definitivlik xızmeti.

Adektivaciya – tilde ushırasatuǵın qubılıs. Yaǵnıy heshqanday affikssiz, qurallarsız bir sóz shaqabınan kelbetlik sóz shaqabına ótiw procesi. Bul process basqa tarawlarda qollanılmaydı, dál usı termin tek til biliminde ushırasatuǵın bolǵanlıqtan, onıń definitivlik xızmeti termin sóz sıpatında alıwǵa sebepshi bolıp tur.

Abstrakt – til biliminde heshqanday qol menen uslap bolmaytuǵın túsiniktegi sózler. Máselen: sezim, bilim, kúsh hám basqalar ulıwma túsinikte qol menen uslap, kóz benen kóriw múmkin emes. Bunday sózlerdi anıq emes sózler dep te abstrakt sózler dep te júritedi. Demek, usı tárizde termin bolıp qáliplesiwi tildiń definitivlik xızmeti.

Analiz – tilde qanday da bir sózdiń tórkinin izertlestirip úyreniw procesi. Bul termin til biliminen basqa medicinada da qollanıladı. Demek, bul processler qaysı tarawda bolmasın uqsas processler, sonlıqtan da dál birdey atama menen atalıp tur. Bul processke basqa uqsas uǵımdaǵı termindi qollanıw múmkin emesligi onıń definitivlik xızmetin kórsetip tur.

Anıqlawısh – til biliminde gáp aǵzalarınıń bir túri. Yaǵnıy ózinen keyin keletuǵın aǵzalardı anıqlap kórsetedi. Bul sózdi basqası menen awıstırıp bolmaydı. Dál sol uǵımdı beretuǵın termin bolǵanlıqtan onıń definitivlik xızmeti kórinip tur.

Atawısh – til biliminde atap kórsetiwshi sózlerge qollanılatuǵın termin. Atawısh sózler, atawısh feyil kórinisinde qollanıladı. Demek, bul sóz de arnawlı uǵımdı, arnawlı túsinikti bildiriwi onıń definitivlik xızmetin kórsetedi hám onıń termin sóz ekenligin tastıyıqlaydı.

Demek, tildiń definitivlik xızmeti sózlerdiń anıq dál uǵımdı ańlatıp turǵanın, haqıyqatında da termin sóz ekenligin dálilleydi. Al barıw, keliw, aytıw, júriw sıyaqlı sózler qanday da bir qubılıs, waqıyanı atap kórsetiw ushın ǵana qollanılatuǵın sóz. Olardıń ornına basqa ekvivalentlerin almasıp qollana beriw múmkin. Bul birliklerdi ataw procesi bolsa nominativlik xızmeti dep júritiledi. Demek, joqarıdaǵı mısallardan kelip shıǵıp sonı biliw múmkin, tildiń definitivlik xızmeti sózlerdiń termin sıpatında tán alınǵanlıǵın túsindiredi hám tastıyıqlaydı.

Joqarıda keltirilgen mısallar qaraqalpaq tilindegi lingvistikalıq terminler bolıp, olar haqqında kóbirek anıqlama keltiriw múmkin. Óytkeni, tilshi ilimpazlar hárbiri túrlishe pikirler keltirip ótken. Degen menen, olardıń naǵız tastıyıqlanǵan, óz dálillerine iye dál nusqası bar. Sonıń menen birge, terminler qısqalıqtı hám anıqlıqtı súyedi. Tildiń nominativlik hám definitivlik xızmetin bir ǵana lingvistikalıq terminler mısalında emes, al basqa tarawlarda da túsindiriwimiz múmkin. Sebebi, hárbir tarawdıń óziniń qollanatuǵın terminleri bar, qollanılıw shegarası bar.

Bazı bir ilimpazlar terminniń tiykarǵı belgisi retinde onıń professionallıq (kásiplik) mánisin, professionallıq uǵımdı ańlatatuǵının kórsetedi. Durıs, hárqanday termin adam iskerliginiń anaw ya mınaw professionallıq tarawında, kásiplik turmıs tarawında dóreydi hám aktiv qollanıladı. Máselen, *terapiya, okulist* degen atamalar medicinalıq-professionallıq turmıs tarawına tiyisli usı tarawda ózlestirilgen leksikalıq birliklerden ibarat, *kelisim, shártnama, dekloraciya* jámiyetlik-siyasiy qatnas tarawında payda boldı, sózlik sostavta jámiyetlik-siyasiy terminler xızmetinde paydalanıladı [1,14]. Demek ilimpazlardıń pikirinshe terminlerdiń qáliplesiwi kásiplik tarawlarǵa da payda bolǵan. Tikkeley kásipke baylanıslı atamalardı ataw terminlerdiń júzege keliwine sebepshi bolǵan. Biziń pikirimizshe de, terminlerdi tarawlarǵa bólip, qollanılıw shegarasın bilmey turıp tolıq úyreniw qıyın. Sebebi, sol terminlerdiń dál anıqlamasın beriw de tikkeley sol tarawǵa barıp tireledi.

Bunnan tısqarı terminler haqqında sóz bolǵanda, V.G.Belinskiydiń sózin de este tutıwımız shárt: “Termin dúziwde barlıq waqıtta óz ana tilimizdiń sóz baylıǵınan paydalana beriw múmkin emes” [2,24].

Haqıyqatında da, hárbir uǵımdı bir tilden bir tilge awdarma islew múmkin emes. Awdarma islew imkaniyatı bolsa da, tap sol mánis-mazmundı bermeytuǵın termin sózler bar. Yaǵnıy bunday sózlerdi bir tilden bir tilge heshqanday ózgerissiz awdarma islep bolmaydı. Al, kásip yaki tarawlarǵa baylanıslı qollanılıp júrgen terminlerdiń barlıǵı da ana tilimizge tiyisli emes. Ásirese, búgingi rawajlanǵan dáwirde túpkilikli sózlerimizden terminler sistemasın dúziw múmkin emes. Dáwir rawajlanǵanı sayın jańa sózler kirip kelmekte, jańa sózler tarawlardaǵı jańa terminler sıpatında qáliplesip qalmaqta.

Usı orında kirip kelip atırǵan hárbir sózdi de termin dep alıp qaraw qáte. Joqarıda kórsetip ayrıqsha atap ótken tildiń nominativlik hám definitivlik xızmeti terminlerdi ayırıp alıwda úlken áhmiyetke iye. Olar sóz mánisi, túsinik hám uǵımlarǵa qaray termindi tastıyıqlaydı. Ásirese, definitivlik xızmet sáykes uǵımlardı arnawlı túrde ataydı hám sózlerdi termin sóz sıpatında qabıl etiwge sebepshi boladı. Keltirip ótilgen mısallar hám de pikirler tildiń nominativlik hám

definitivlik xızmeti haqqında jeterlishe maǵlıwmat bola aldı dep oylaymız. Biziń pikirimizshe, nominativlik hám definitivlik xızmetler terminlerdi ayırıp alıwda ayrıqsha áhmiyetke iye. Bunı lingvistikalıq terminler mısalında dálelley aldıq. Terminlerdi basqa sózlerden ayırıp alıwda, demek tildiń bul eki xızmeti óziniń salmaqlı ornına iye.

## References:

1. Бердимуратов Е. Қарақалпақ терминологиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.
2. Пирниязов Қ. Қарақалпақ тилиниң лингвистикалық терминологиясы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.

INNOVATIVE ACADEMY